

Rezime Egzekitif

Apèsi

Nan swa Mèkredi, 1ye septanm 2021, rès Tanpèt Ida te rive nan New York. Malgre ke tanpèt la te reklasifye kòm yon siklòn pòs-Twopikal nan moman sa a, li te bat rekò vil la pou kantite lapli ki tonbe nan yon èdtan, pwovoke inondasyon jeneralize epi domaj ki koute plizyè santèn milyon dola, e li touye 13 moun nan vil New York. Nan 5 septanm 2021, Prezidan Joseph R. Biden, Jr. te emèt yon deklarasyon katastwòf majè pou Eta New York ([4615-DR-NY](#)).

Nan 22 mas 2022, Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) [Department of Housing and Urban Development] te anonse ke Vil New York ("Vil la") pral resevwa \$187,973,000 nan finansman pou soutni efò rekipasyon alontèm apre Tanpèt Ida, ki pral administre pa Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra NYC (OMB) [NYC Mayor's Office of Management and Budget]. Alokasyon sa a te anonse ofisyèlman nan dokiman Allocations for *Alokasyon pou Sibvansyon Global Devlopman Kominotè nan Katastwòf* [Community Development Block Grant Disaster Recovery] (CDBG-DR) ak *Implementation of the CDBG-DR Mizannèv Avi Rejis Federal sou Dewogasyon Konsolide ak Egzijans Altènativ CDBG-DR* [Consolidated Waivers and Alternative Requirements Federal Register Notice] (Vol. 87, No. 100, 5/24/2022, [87 FR 31636](#)) ak fon yo te disponib atravè Disaster Relief Supplemental Appropriations Act, 2022 (Lwa sou Kredi Siplemanchè Éd pou Katastwòf) ([Public Law 117-43](#)). Vil la te lage plan aksyon CDBG-DR inisyal li pou Siklòn Ida pou kòmantè piblik nan dat 26 out 2022. Apre yon peryòd kòmantè piblik ak yon tandè piblik, Vil la te soumèt plan li a HUD nan dat 19 oktòb 2022. HUD te apwouve plan an nan 19 desanm 2022.

Nan 18 janvyè 2023, HUD te anonse atravè yon dezyèm Avi Rejis Federal li te bay yon lòt \$1.4 milya dola nan fon CDBG-DR pou katastwòf ki te rive nan 2021 (Vol. 88, No. 11, 1/18/2023, [88 FR 3198](#)). (De Avi Rejis Federal yo kolektivman deziyen nan dokiman sa a sou non "Avi HUD"). Alokasyon siplemantè sa yo te posib gras ak fon ki te apwovizyone nan Lwa sou Kredi Pèmanan, 2023 ([Public Law 117-180](#)), ki te pwomilge sou 30 septanm 2022. Atravers sa a, Vil la pral resevwa yon lòt \$122,844,000, sa ki pote total alokasyon CDBG-DR pou Tanpèt Ida nan vil la a \$310,817,000.

Fon CDBG-DR yo dwe itilize pou adrese bezwen ki poko satisfè ki gen rapò ak "sekou katastwòf, rekipasyon alontèm, restorasyon enfrastrikti ak lojman, revitayalizasyon ekonomik, ak mitigasyon, nan zòn ki pi afekte ak nan difikilte." Atravè sa a gwo amandman nan Plan Aksyon li a, Amandman Plan Aksyon (APA) 3, Vil la pwopoze pou chanje non aktivite a ak gwosè pwojè a pou sa ki te rele Modèl Evakyasyon (nan pwogram Planifikasyon Rezilyans). Aktivite a pral kounye a rele Tout-Danje Abri Ijans.

Gwosè orijinal aktivite sa a te enkli yon etid konplè sou evakyasyon. Sepandan, Kò Enjenyèr lame Etazini (USACE) [U.S. Army Corps of Engineers] pral lanse yon etid konplè sou Evakyasyon Tanpèt an 2025, ki elimine bezwen pou etid orijinal la e sa ta mennen nan diplikasyon avantaj yo. Pwogram resantrè a la pral fè yon sondaj pou kreye yon repètwa enstalasyon abri ki ka itilize pou ijans de tout kalite sou yon echèl pi piti. Pou pi byen reflekte chanjman nan gwosè a, non aktivite a te chanje pou Tout-Danje Abri Ijans.

Vil la ap ajoute yon sit nan devlopman NYCHA ki sibi domaj enpòtan pou yon total de 13 pwopriyete.

Finalman, Vil la te idantifye de pwopriyete ki pral benefisye de fon CDBG-DR nan Espas Kominotè Rezilyan nan Lojman Abòdab, ki pral benefisye yon total de 300 inite.

APA 3 sijè a yon peryòd kòmantè piblik de 30 jou ki pral fini nan 15 janvyè 2024. Dapre Plan Patisipasyon Sitwayen CDBG-DR Vil la pou Siklòn Ida, yon tandè piblik pa nesesè pou amandman sibstansyèl yo.

Apèsi sou Katastwòf Espesifik

Nouyòkè yo, malerezman, pa etranje ak move tan sevè. Kòm yon vil kotyè sou kòt lès la, rezidan yo te toujou konnen ke Vil Nouyòk se vil ki sansib a vag chalè, blizad, ak inondasyon kotyè. Sepandan, nan ete 2021, yon seri tanpèt sevè te fè klè ke yon lòt menas ofisyèlman prezan pou nou: evènman lapli ekstrèm ki mennen nan inondasyon nan peyi a. Kòmansè 8 jiyè ak Tanpèt Twopikal Elsa epi fini 1ye ak 2 septanm ak Siklòn Pòs TROPICAL (PTC) Ida, vil la te sibi twa tanpèt ki *chak* pwodui lapli ki te gen sèlman yon chans yon pousan oswa mwens pou rive nan yon ane done. Tanpèt Twopikal Henri, ki te frape 21 out, te kraze dosye vil la pou lapli nan yon sèl èdtan, sèlman pou yo te depase pa PTC Ida 10 jou pita.



Vil la te ap planifye pou lapli ekstrèm pandan plizyè ane - Vil la te lage yon Plan Rezilyans Dlo Tanpèt nan mwa me 2021 - sepandan, rejyon an poko t ap eksperyansye yon tanpèt ak entansite ak fòs PTC Ida. Pandan ke tanpèt Twopikal nan ete a te pote lapli lou, evènman sa yo te fèt pandan peryòd tan ki pi long epi yo pa t wè lapli kontinyèl ak entansite ki te koze pa Ida. Pou premye fwa nan istwa, Sèvis Nasyonon Meteworolojik la te bay yon ljan Inondasyon Flash pou New York City. Nan Staten Island, Ida te pwodui plis pase nèf pous lapli nan mwens pase 12 èdtan, ak yon pati konsiderab nan twa èdtan. Nan Bronx Ovest, plis pase twa pous lapli te tonbe nan yon sèl èdtan.

Anplis de total lapli istorik Ida a, tanpèt la te tou remakab pou kote inondasyon yo te rive. Lapli soutni tanpèt la te depase sistèm kanalizasyon vil la, ki tipikman gen kapasite pou jere 1.75 pous lapli pa èdtan. An konsekans, dlo te akimile nan lari yo e li te koule nan sistèm metwo, kav, ak sousòl, espesyalman nan zòn peyi a ki soti nan zòn inondab santènè. Dapre analiz Vil la sou pwopriyete ki domaje yo, sèlman 6.9% nan bilding ki afekte pa Ida yo nan zòn inondasyon 100 an, ak 13.7% nan zòn inondasyon 500 an.

Vil la estime apeprè 33,500 batiman ki te sibi domaj, sa reprezante anviwon 3.3% nan tout batiman nan vil la. Pandan ke enpak Ida a te santi atravè tout senk awondisman yo, tanpèt la te patikilyèman enpòtan nan awondisman ekstèn yo. Nan pwopriyete ki domaje yo, 39.9% te nan Queens, 26.7% te nan Brooklyn, 18.7% te nan Bronx, ak 12.7% te nan Staten Island, pandan sèlman 2.0% te nan Manhattan. An konsekans, Deklarasyon Katastwòf Prezidansyèl la te deklare Bronx County, Kings County (Brooklyn), Queens County, ak Richmond County (Staten Island) elijib pou pwogram Asistans Endividyèl ak Piblik FEMA, pandan ke New York County (Manhattan) sèlman elijib pou Asistans Piblik FEMA. Anplis, HUD pa t enkli Manhattan nan lis zòn ki pi afekte ak nan difikilte pou ki fon CDBG-DR yo ta dwe priorize.

Imaj 1.1: Kat Deklarasyon pou Katastwòf Natirèl pou Eta New York


FEMA-4615-DR, New York Disaster Declaration as of 12/01/2021



Data Layer/Map Description:
The types of assistance that have been designated for selected areas in the State of New York.

All areas within the State of New York are eligible for assistance under the Hazard Mitigation Grant Program.


- Designated Counties**
- No Designation
 - Public Assistance (Category B)
 - Individual Assistance and Public Assistance (Categories A - G)
 - Public Assistance (Categories A - G)




Data Sources:
FEMA, ESRI;
Initial Declaration: 09/05/2021
Disaster Federal Registry Notice:
Amendment #5: 12/01/2021
Datum: North American 1983
Projection: Transverse Mercator

Sou yon baz awondisman, Queens ak Brooklyn te genyen plis kantite batiman ki andomaje. Sepandan, lè n ap evalue domaj yo selon Zòn Tabilasyon Distri Kominotè (CDTA) a, nou konstate ke yo repati yon fason egal ant kat awondisman ki te plis sibi enpak yo: okenn CDTA pa reprezante plis pase 7.1% nan pwopriyete ki andomaje.


Imaj 1.2: Kat Tèmik nan Pwopriyete ki Andomaje yo



Imaj 1.3: Pwopriyete ki Andomaje selon CDTA – Selon Kantite Batiman ki Andomaje



Imaj 1.4: Pwopriyete ki Andomaje selon CDTA – Selon Pousantaj Batiman ki Andomaje selon CDTA



Epitou tanpèt la te fè yon enpak inegal sou pwopriyete rezidansyèl yo: plis pase 92% nan pwopriyete ki andomaje yo se estrikti rezidansyèl malgre pwopriyete rezidansyèl yo reprezante mwens pase 87% nan tout batiman ki nan vil la. Batiman ki gen espas komèsyal yo, ki enkli batiman ki gen itilizasyon miks yo, reprezante 7.5% nan batiman ki sibi enpak yo. Apeprè 800 batiman ki andomaje yo se te sèlman batiman komèsyal, sa ki reprezante 2.4% nan tout batiman ki sibi enpak yo. Domaj nan pwopriyete komèsyal yo te prensipalman lye ak pèt envantè ak ekipman olye de domaj estriktirèl.

Touswit aprè pasaj Ida a, Depatman Batiman Vil la te enspekte plizyè milye batiman nan tout vil la epi yo te jije ke li pa sekirite pou okipe konplètman oswa an pati tout 116 estrikti batiman yo. Anplis, enspeksyon ke FEMA fè jiskaprezan yo te idantifye 10 batiman rezidansyèl ki te detwi, epi 1,282 te sibi gwo domaj. Byenke gravite domaj yo te mwens pase tanpèt pase yo, tankou Ouragan Sandy, nati enteryè a, gravite domaj la deyò awondisman yo, ak rapidite lapli a reprezante yon gwo chanjman nan fason Vil la reponn, epi prepare l pou evènman gwo move tan yo.

Selon analiz inisyèl Vil la, bezwen Vil la pou finansman DR yo ka gwoupe an sis domèn prensipal:

Kay ki gen Youn jiska Kat Lojman ak Apatman nan Sousòl

Ti batiman rezidansyèl yo te sibi enpak yon fason inegal: tandiske youn ak de kay familyal reprezante 52% batiman nan tout vil la, sa fè 75% batiman ki sibi enpak Ida yo. Pwopriyete ki andomaje yo twouve yo nan vil la, beynke yo konsantre nan Queens, Brooklyn, ak Bronx, epi anpil nan kominote ki gen fèb revni ak kominote ki gen gran pousantaj popilasyon ki arisk yo. Pifò domaj nan pwopriyete ki gen youn jiska kat inite yo soti nan inondasyon nan espas sousòl oswa nan espas sòl la (tankou sousòl, retchouse a).

Apatman nan Sousòl

Nan tout vil la, plizyè dizèn milye Nouyòkè okipe apatman sousòl yo yon fason ilegal. Inite sa yo souvan manke egzijans sekirite debaz yo, sa ki mete rezidan sa yo arisk pou inondasyon, dife, ak lòt domaj sekirite yo. Sepandan, inite sa yo se yon sous esansyèl tou pou lojman ki abòdab ak opòtinite enpòtan pou Vil la satisfè objektif lojman ki abòdab yo. Inite sa yo jeneralman ofri lwaye ki pi modès epi yo ka plis aksesib pou Nouyòkè ki gen fèb revni yo, ki gen ladan gwoup ke yo pa desèvi ase nan mache lojman an. Apatman sousòl yo bay yon dezyèm sous revni tou pou pwopriyete batiman yo, ki se souvan ti mèt kay k ap viv nan espas la. Kòd ak règleman ki konplèks epi ki pa ajou yo rann li difisil pou sekirite inite sa yo ak pou itilizasyon ki legal. Amelyorasyon sekirite pou rezidan sousòl yo, espesyalman pandan evènman inondasyon yo, se yon priyorite esansyèl pou Vil la.

Re foulman Twou Egou yo

Domaj ki soti nan dlo inondasyon k ap antre alafwa nan fenèt ak pòt yo, epi k ap soti nan re foulman yo pou antre nan kay yo atravè enstalasyon plonbri yo. Valv pou anpeche dlo a retounen an redwi pwopablite pou re foulman twou egou yo nan sousòl la epi yo se mwayen ki pa chè pou anpeche plizyè dizèn milye dola nan domaj. Kounya Vil la ap etidye kote enstalasyon valv re foulman twou egou yo t ap plis efikas pou mèt pwopriyete yo.

Lojman ki Abòdab ak Lojman Piblik

Otorite Lojman Vil New York la (NYCHA) posede epi ap fè fonksyone plis pase 170,000 inite lojman piblik ki prèske mwaye yon milyon rezidan New York ki gen fèb revni k ap viv la. Anpil nan fwaye sa yo pa t ap anmezi pou jwenn yon apatman ki abòdab nan depans k ap ogmante nan Vil la ak mache lojman konpetitif la. Prezève segman krisyal sa a nan pak lojman ki abòdab la - alafwa pou rezidan NYCHA yo jodia ak pou jenerasyon k ap vini yo - se yon priyorite esansyèl pou Vil la.

Apeprè 230 pwopriyete NYCHA yo te sibi enpak Ida a, avèk 12 devlopman nan Bronx, Brooklyn, ak Queens k ap souffri patikilyèman de gwo domaj. Kounya NYCHA estime ke frè domaj yo nan pwopriyete ke NYCHA jere yo se kapab omwen \$150 milyon dola. Byenke yo prevwa pou lòt sous yo kouvri yon gran pati nan frè sa a, NYCHA ap kouvri kèk nan frè yo. Anplis, travay retablisman ki lye ak Ida a ofri yon opòtinite tou pou entegre efò rediksyon yo pou prevni gwo domaj, ak gwo frè yo, nan evènman alavni yo.

Aprè piblikasyon Plan Daksyon inisyal Vil la pou Ouragan Ida a, Vil la te idantifye yon lòt bezwen ki pa satisfè \$51 milyon dola ki asosye ak devlopman lojman ki abòdab nan brooklyn. Hope and Bushwick Gardens te andomaje nan Ouragan Ida a epi te inonde pandan de fwa depi lè sa a. Byenke plis pase \$40 milyon dola nan travay restorasyon an te fini, lòt travay rediksyon nesèsè pou prevni lòt inondasyon.

Sèvis Sansibilizasyon ak Lòt Sèvis Piblik

Enfòmasyon Piblik

PTC Ida te frape moun ki gen mètriz limite nan Anglè yo (LEP) yon fason ki patikilyèman difisil. Selon rapò medya yo, plizyè nan viktim Ida yo nan Vil New York pa te pale Anglè oswa yo te gen mètriz limite nan Anglè. Byenke Vil la anmezi pou pibliye alèt dijans nan plizyè lang atravè sèvis Notify NYC li a, Sèvis Nasyonal Meteyewoloji a pa ka fè sa. Anplis, itilizatè yo dwe abòne pou resevwa alèt Notify NYC yo olye y ap resevwa yo plizoumwon otomatikman, jan sa ye pou alèt NWS ki baze sou lokasyon yo. Jan Ida demontre sa, inegalite nan enfòmasyon yo ka lakoz gwo konsekans ak enpak yon fason inegal nan kominote LEP yo epi premye notifikasyon ak *notifikasyon ki aksesib yo* enpòtan anpil pou pwoteje ak prezève lavi.

Asirans pou Inondasyon

Vil la ap planifye ak aplike divès pwojè pou jere gwo lapli yo, men sa kapab pran plizyè ane oswa plizyè deseni anvan yo santi tout enpak efò sa yo. Anplis, Vil la p ap janm anmezi pou anpeche tout evènman inondasyon yo. Jan ap vin genyen plis gwo lapli, Vil la pral edike epi ankouraje rezidan yo pou pwoteje tèt yo pandan y ap achte asirans pou inondasyon menm nan zòn enteryè yo kote sa jeneralman pa nesèsè. Vil la rekonèt epi l ap travay ak patnè federal li yo pou abòde ogmantasyon frè politik asirans yo. Sepandan, achte asirans pou inondasyon se pi bon fason pou prevni devastasyon akòz yon evènman inondasyon. Epitou Vil la ap travay tou ak pwopriyete ak lokatè yo pou fè odit sou rezilyans ak renovasyon pou bese frè asirans lan.

Rezilyans ak Rediksyon

Vil la te fè investisman ki pote transfòmasyon nan jesyon dlo lapli a pral amelyore kalite dlo ak prepare pou chanjman klimatik. Sepandan, toujou genyen yon bezwen pou fè plis. Vil la te devlope epi pral elaji divès apwòch pou ran vil la plis rezilyan, ki gen ladan

- Sistèm enfrastikti vèt ki kolekte dlo lapli nan lari a, sou twotwa, ak nan lòt sifas di yo anvan yo rive antre nan sistèm twou egou yo oswa anvan yo lakoz inondasyon lokal;
- Senti ble ak zòn imid ki dirije, estoke, ak filtre presipitasyon oswa dlo lapli k ap koule;
- Amelyorasyon nan enfrastrikti gri yo ki t ap elaji kapasite egou vil la, izin pou trètman dlo, estasyon ponpaj, elatriye; epi

- Entegre konsiderasyon ki lye ak rediksyon, rezilyans, ak konsiderasyon pou preparasyon dijans nan tout etablisman Vil la (tankou etablisman swen sante yo, etablisman edikatif, zòn rekreatif ak espas ouvèl yo, sèvis piblik, sant pou evakyasyon) ak pwogram (tankou asistans pou ti biznis yo, lojman ki abòdab, efò pou devlopman mendèv).

Planifikasyon

Finalman, lida te soulinye divès zòn kote Vil la, patnè gouvènmantal li yo, ak lòt aktè yo te ka amelyore. Zòn sa yo gen ladan, men pa limite ak:

- Fè etid nan zòn yo pou efò rezilyans ak rediksyon yo;
- Planifikasyon pou pi byen evakye rezidan yo nan espas sousòl la si ta gen yon inondasyon toudenkou;
- Idantifye kote apatman sousòl ak apatman kav yo sitiye ak fason yo ka pi byen pwoteje kont inondasyon, dife, elatriye;
- Amelyore metòd pou previzyon meteyewolojik, pou kontwòl, swivi, ak evalyasyon enpak gwo evènman tan yo; epi
- EValye metòd pou redwi emisyon kabòn ak pou ogmante rezilyans yo.

Rezime

Prensip Jeneral

Anvan ak pandan devlopman Plan Aksyon sa a, Vil la te fè konsiltasyon ak rezidan ki afekte pa katastwòf natirèl yo, mèt biznis lokal yo, founisè sèvis, Eta New York, NYCHA, gouvènman federal la, ak lòt aktè yo pou asire ke itilizasyon fon ki planifye pou vil la reponn ak bezwen yo idantifye yo epi mache ak lòt efò retablisman yo. Lè l ap seleksyone inisyativ pou finansman yo, Vil la te priyorize pwogram ki fèt pou popilasyon ki plis vilnerab yo nan Vil la, pou redwi pèt lavi ak pwopriyete alavni, epi sa reponn ak kritè elijiblite pou sibvansyon CDBG-DR a. Jan sa dekri nan Avi HUD a, omwen 80% nan alokasyon Vil la dwe depase nan zòn ki plis sibi enpak ak zòn ki nan detrès HUD yo nan Bronx, Brooklyn, Queens, ak Zile Staten. Anplis, yo dwe depanse omwen 70% nan sibvansyon an pou zòn ak moun ki gen fèb revni ak revni modere yo.

Pwogram yo pwopoze pou finansman yo gen ladan aktivite ki lye ak lojman, enfrastrikti, revitalizasyon ekonomik, sèvis piblik, planifikasyon, ak administrasyon sibvansyon. Aktivite ki finanse yo gen ladan

- Konsèy finansye ak asistans pou asirans pou inondasyon pou ti pwopriyete kay yo ak pou lokatè yo;
- Retablisman devlopman lojman piblik yo;
- Sibvansyone mezi rezilyans nan lojman ki gen youn jiska kat inite ak lojman ki gen plizyè inite yo;
- Elajisman rezo enfrastrikti vèt vil la;
- Reyalize sansibilizasyon epi ogmante sansibilizasyon pou danje nan kominote ki vilnerab yo;
- Planifikasyon pou retablisman ak rezilyans;
- Pwoteje enfrastrikti enpòtan yo kont inondasyon; epi
- Ranfòse kominote yo atravè fòmasyon pou preparasyon dijans.

Byenke OMB a pral rete antite prensipal k ap administre sibvansyon an, mizannèw pwogram sa a se pral yon efò kowòdone ant divès ajans Vil la, Otorite Lojman Vil New York la, ak Biwo Majistra a, patikilyèman Biwo Majistra a pou Klima ak Jistis Anviwònmanal. Vil la pral kontinye efò angajman sitwayen yo pandan tout dire sibvansyon an epi l ap fè ajisman jan sa nesèsè.

Montan Alokasyon ki Pwopoze

Tablo 1-1: Alokasyon pou Pwogram CDBG-DR yo

Pwogram yo	Finansman "Pati 1" an	Finansman "Pati 2" a	Total Alokasyon	Avantaj yo Prewa pou Moun ki Gen Fèb Revni ak Revni Modere yo	Avantaj yo Prewa pou Zòn MID yo
<u>Lojman</u>	123,200,000	60,023,632	183,223,632	166,073,632	175,747,442
Asirans pou Inondasyon ak Konsèy Finansye	1,000,000	1,500,000	2,500,000	1,275,000	2,000,000
Restorasyon ak Rezilyans NYCHA	88,200,000	0	88,200,000	88,200,000	87,723,810
Amelyorasyon Rezilyans: 1- jiska 4-Inite	25,000,000	7,500,000	32,500,000	16,575,000	26,000,000
Amelyorasyon Rezilyans: Plizyè Inite	9,000,000	51,023,632	60,023,632	60,023,632	60,023,632
<u>Enfrastrikti</u>	30,000,000	33,590,547	63,590,547	56,340,547	63,590,547
Elajisman Enfrastrikti Vèt	30,000,000	23,590,547	53,590,547	53,590,547	53,590,547
Pwoteksyon Red Hook kont Inondasyon	0	10,000,000	10,000,000	2,750,000	10,000,000
<u>Retablisman Ekonomik</u>					
Preparasyon pou Ijans nan Distri Komèsyal	450,000	0	450,000	229,500	360,000
<u>Sèvis Piblik</u>					
Sansibilizasyon pou Danje ak Sansibilizasyon Kominotè	6,716,000	6,000,000	12,716,000	6,874,850	9,362,000
<u>Planifikasyon</u>					
Planifikasyon Rezilyans	20,369,000	23,229,821	43,598,821	N/A	18,017,826
<i>Total Pwogram Non-Administratif</i>	<i>180,735,000</i>	<i>122,844,000</i>	<i>303,579,000</i>	<i>229,518,529</i> <i>75.6%</i>	<i>267,077,275</i> <i>88.0%</i>
<u>Administrasyon</u>					
Adminsitasyon CDBG-DR Ida	7,238,000	0	7,238,000	5,472,233	6,367,718
Total	187,973,000	122,844,000	310,817,000	234,990,762	273,444,993

Bezwen ki Pa Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon

Selon Evalyasyon Bezwen ki pa Satisfè yo nan pwochen seksyon nan plan sa a, Vil la te setimen bezwen ki pa satisfè yo ak \$565,705,408. Estimasyon sa a baze sou pi bon done ki disponib pou Vil la nan moman an, ki se prensipalman enfòmasyon ki soti nan FEMA, Administrasyon Ti Biznis Etazini yo, ak analiz Vil la. Sepandan, Vil la pral aktyalize seksyon bezwen ki pa satisfè yo nenpòt lè gen nouvo done, done enpòtan ki vin disponib.

Tablo 1-2: Bezwen ki Pa Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon

Kategori	Bezwen ki Pa Satisfè ki Rete	% Bezwen ki Pa Satisfè	Alokasyon	% Alokasyon Pwogram nan
Lojman	\$325,752,617	57.6%	\$183,223,632	58.9%
Enfrastrikti	\$165,618,791	29.3%	\$63,590,547	20.5%
Revitalizasyon Ekonomik	\$450,000	0.1%	\$450,000	0.1%
Sèvis Piblik	\$15,716,000	2.8%	\$12,716,000	4.1%
Planifikasyon	\$50,930,000	9.0%	\$43,598,821	14.0%
Frè Administratif	\$7,238,000	1.3%	\$7,238,000	2.3%
Total	\$565,705,408	100.0%	\$310,817,000	100.0%